Елеева Анжелика

# Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ олимпиадэ
9-нэ класс

195

Лъагъуныгъэм и лъабжьэр.

5

ЩыIэщ лъагъуныгъэ, зэхэщIэныгъэ лъэщу гъащIэм хэлъщ гуауэм е нэщхъеягъуэм гулъытэр гущIэгъур цIыхугъэр цIыхупсэм щегъэуш губжьыр еужьыгу егъэупщIыIу, цIыху **зэпикIуэтахэр** зэрешэлIэж, зэрегъэплъэкIыжри **къакIуа** гъуэгуанэм ирегъэплъэж, **яIэщIэщIа** щыуагъэхэм ирегъэгупсысыж. Ар зищIысри абы и щхьэусыгъуэри пхужыIэнукъым. Дэ къыдгурыIуэн хуер ар псори къалъхуам къыдэхъу щытыкIэу цIыхум зэрыхэлъыращ. Ди къэлэныр, а щытыкIэм демыгуауэу тхъумэныращ. Лъагъуныгъэ нэсым пэжыгъэкIэ **псыхьам** зыри пэлъэщынукъым жьыбгъэми уэшхми уэсми зэманми **яхуэмыпхъэх** къуршу сыт хуэдэ гуауэми бэлыхьми ар пэщIэтыфынущ.

**Гумрэ, псэмрэ зэкIэригъапщIэу гуауэми гугъуехьми, ущимыгъэшынэу бийм упэщIэувэмэ лIыхъужь уищIу щIэгъэкъуэнышхуэ лъэныкъуэ куэдкIэ къыпхуэхъуу зы нэрылъагъу гуэр щыIэщ.** Аращ лъагъуныгъэм и лъабжьэри.

Адэ анэ лъагъуныгъэ, бын лъагъуныгъэ. ЩыIэкъым нэгъуэщI лъагъуныгъэ лъэпкъ зыгуэрми щIэмыупIщIэж, зыгуэрми хущIемыгъуэж адэ анэ лъагъуныгъэм фIэкI. Адэ анэ лъагъуныгъэмрэ, бын лъагъуныгъэмрэ, Хэку лъагъуныгъэм хокIуэж, цIыхубэмрэ, хэкумрэ бэлыхьыншэу зыгъэпсоу, зыхъумэжыф къэру мэхъу. Лъэпкъ насыпым и лъабжьэри, унагъуэм йлъ зэгуырыIуэныгъэр гуэпагъэр лъагъуныгъэр аращ.

Фыкъеджэ.

1. Текстым хэт щыуагъэхэр зэвгъэзэхуэж, нагъыщэ къэтхэр хабзэм тету вгъэувыж.
2. ***ХущIегъуэжащ, пхужыIэнукъым, пэщIэтыфщ*** – псалъэхэр я зэхэтыкIэкIэ зэпкърыфх.
3. ***Яхуэмыпхъэх*** – мы псалъэм синоним къыхуэфхь
4. КъыхэгъэщхьэхукIа псалъэухар синтаксическэ зэпкърыхыныгъэ фщIы.
5. КъыхэгъэщхьэхукIа псалъэхэр сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэ.
6. Текстым псалъащхьэ хуэфщI, и гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэухар къэфхути адэкIэ фэ фи гупсысэхэмкIэ зевгъэужь, мис мыпхуэдэ кIэух иIэу:
   Сыту къаруушхуэ иIэ адэ-анэмрэ бынхэмрэ яку дэлъ лъагъуныгъэм!..

Къэвгъэсэбэп хъунущ фызэджа тхыгъэхэр, IуэрыIуатэ хъыбархэр, таурыхъхэр, фи гъащIэм, унагъуэм теухуа Iуэхугъуэхэр.

5

**2.** ***ХущIегъуэжащ, пхужыIэнукъым, пэщIэтыфщ***

4

3. ***Яхуэмыпхъэх,*** яхуэмыкIуэтэ

–

**4. Гумрэ псэмрэ зэкIэригъапщIэу гуауэми гугъуехьми ущимыгъэшынэу бийм упэщIэувэмэ лIыхъужь уищIу щIэгъэкъуэнышхуэ лъэныкъуэ куэдкIэ къыпхуэхъуу зы нэрылъагъу гуэр щыIэщ. Аращ лъагъуныгъэм и лъабжьэри.**

5

5. причастиеу